**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–15.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए नीट–यूजी दू हजार छब्बीस परीक्षा दोबारा एकैस जून कऽ आयोजित करबाक घोषणा कयलक अछि। शिक्षामंत्री धर्मेन्द्र प्रधान आइ नव दिल्ली मे संवाददाता सम्मेलन मे ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे परीक्षा मे सम्मिलित होबयवला विद्यार्थी सभ के चौदह जून धरि प्रवेश–पत्र उपलब्ध करा देल जायत। श्री प्रधान कहलनि जे वर्तमान मे ओएमआर मोड मे आयोजित होबयवला नीट–यूजी परीक्षा अगिला वर्ष सँ कंप्यूटर आधारित अर्थात सीबीटी माध्यम सँ होयत।

---

वैश्विक ईंधन संकटक मध्य तेल विपणन कंपनी देश भरि मे पेट्रोल आ डीजलक दाम मे वृद्धि कयलक अछि। पेट्रोलक दाम मे प्रति लीटर तीन टाका चौदह पाई जखनकि, डीजलक दाम मे तीन टाका एगारह पाई प्रतिलीटरक वृद्धि भेल अछि। नव दर आइ सँ लागू भऽ गेल अछि। एकर संगहि, सीएनजीक दाम मे सेहो दू टाका प्रति किलोक वृद्धि कयल गेल अछि।

---

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे पेट्रोल आ डीजलक दाम मे वृद्धि अस्थायी अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री चौधरी जनौलनि जे वैश्विक स्थिति सामान्य होयबा पर पेट्रोलियम उत्पादक दाम मे कमी आबि जायत। खाद्य आ उपभोक्ता संरक्षण मंत्री कहलनि जे सरकार एलपीजी पर निर्भरता कम करबाक लेल बेसी–बेसी घर धरि सीएनजी कनेक्शन पहुंचेबाक लक्ष्यक संग सरकार काज कऽ रहल अछि। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि जे वैश्विक परिदृश्य के देखैत सरकार के मजबूरी मे पेट्रोल आ डीजलक दाम मे वृद्धि करय पड़ल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के ऊर्जा संरक्षणक अपीलक बिहार मे असर देखाय लागल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ अपन सरकार आवास सँ सचिवालय धरि पैदल पहुंचलाह। पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश सेहो पैदल अपन कार्यालय पहुंचलाह। ओतहि, मिथिलेश तिवारी ई–रिक्शाक सवारी कऽ अपन कार्यालय पहुंचलाह। सचिवालयक अधिकारी आ कर्मी लोकनि सेहो कार्यालय पहुंचबाक लेल सार्वजनिक परिवहनक उपयोग कयलनि। एम्हर, खगड़ियाक जिलाधिकारी नवीन कुमार आ पुलिस अधीक्षक राकेश कुमार साईकिल सँ अपन कार्यालय पहुंचलाह।

———————————————————————

प्रदेश मे जनगणना दू हजार सत्ताईसक पहिल चरणक अंतर्गत मकान सूचीकरण आ गणनाक काज सुचारू ढंग सँ जारी अछि। जनगणना निदेशक रंजिता आकाशवाणी समाचार सँ विशेष गपशप मे जनौलनि जे एकतीस मई धरि चलयवला एहि प्रक्रियाक अंतर्गत प्रगणक नागरिक सभ सँ तैंतीस प्रश्न पूंछताह। श्रीमती रंजिता लोकसभ सँ जनगणनाक नाम पर साईबर फ्रॉड सँ सर्तक रहबाक अपील कयलनि अछि।

———————————————————————

एकलव्य आवासीय खेल प्रशिक्षण केन्द्र आ जिला सेंटर ऑफ एक्सीलेंस मे दाखिलाक लेल आइ सँ सेलेक्शन ट्रायल शुरू भऽ गेल अछि। बिहार राज्य खेल प्राधिकरणक महानिदेशक रविन्द्रन शंकरण जनौलनि जे ट्रायल बाईस मई धरि चलत।

———————————————————————

गोपालगंजक एमपी एमएलए अदालत जदयू विधायक अनंत सिंह के हथियार प्रदर्शनक मामिला मे अग्रिम जमानत देबा सँ इंकार कऽ देलक अछि। न्यायालय एहि मामिला मे पुलिस सँ केस डायरी तलब कयलक अछि।

———————————————————————

सीतामढ़ीक पुपरी नगर परिषद कार्यालय मे पदस्थापित जूनियर इंजीनियर विजय कुमार शर्मा के निगरानी विभाग एक लाख पैंतालीस हजार टाका घूस लैत मौके पर गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

सुपौल जिलाक जदिया थाना सँ पुलिस एक किलो चारि सय चालीस ग्राम मादक पदार्थ स्मैकक संग चारि तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

मधुबनी जिला मे रसोईगैस वितरण मे अनियमितता के आरोप मे चारि गैस एजेंसीक विरूद्ध प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि।

सहरसा जिलाक कासनगर थाना क्षेत्र मे एक ट्रकक चपेट मे अयबा सँ मोटरसाईकिल सवार पिता पुत्रक मृत्यु भऽ गेल।

---

मौसम विभाग काल्हि प्रदेशक अधिकतर भाग मे वर्षाक संभावना जतौलक अछि। उत्तर–पूर्व आ दक्षिण– पूर्व बिहार मे अधिकांश स्थान पर वर्षाक पूर्वानुमान अछि। विभाग जनौलक जे एहि दरमियान मेघगर्जन आ वज्रतापक संग धूल भरल अन्हर–बिहारिक सेहो आशंका अछि।

---

समाप्त